

FÒM AKÒ PASYAN

Grenn Mifeprex (mifepristone)

Pwofesyonèl Swen Sante yo: Bay pasyan an konsèy sou risk Mifeprex. Oumenm ak pasyan an dwe siyen fòm sa a.

Akò Pasyan an:

1. Mwen deside pran Mifeprex ak misoprostol pou sispann gwsès mwen, epi m ap swiv konsèy pwofesyonèl swen sante mwen sou lè pou mwen pran chak medikaman sa pou mwen fè nan yon ijans.
2. Mwen rekonèt:
 - a. M ap pran Mifeprex nan Jou 1.
 - b. Pwofesyonèl swen sante mwen ap swa ban mwen oswa preskri mwen grenn misoprostol, epi m ap pran grenn yo 24 a 48 èdtan apre mwen pran Mifeprex.
3. Pwofesyonèl swen sante te pale avèk mwen sou risk yo tankou:
 - gwo senyman
 - enfeksyon
 - gwsès ektopik (yon gwsès deyò matris la)
4. M ap kontakte klinik lan/sant medikal la touswit si nan jou apre tretman an mwen gen:
 - yon lafyèv 100.4°F oswa pi cho ki dire plis pase kat èdtan
 - doulè grav nan zòn lestomak (abdominal) mwen
 - gwo senyman (ki tranpe nan de tanpon sanitè gwo dimansyon pa èdtan pandan dezèdtan youn-apre-lòt)
 - doulè lestomak oswa malèz, oswa si mwen "santi mwen malad", tankou feblès, kèplen, vomisman, oswa dyare, plis pase 24 èdtan apre mwen pran misoprostol
5. Pwofesyonèl swen sante mwen te fè mwen konnen sentòm sa yo kapab egzije pou mwen resevwa swen annijans. Si mwen pa kapab jwenn klinik lan oswa sant medikal la touswit, pwofesyonèl swen sante mwen te di mwen kimoun pou mwen rele ak sa pou mwen fè.
6. Mwen ta dwe retounen wè pwofesyonèl swen sante mwen apeprè 7 a 14 jou apre mwen pran Mifeprex pou asire gwsès mwen sispann epitou pou asire mwen anfòm.
7. Mwen rekonèt, nan kèk ka, tretman an p ap efikas. Sa rive sou apeprè 2 a 7 fanm sou 100 fanm ki itilize tretman sa a. Si gwsès mwen kontinye apre tretman an avèk Mifeprex ak misoprostol, m ap pale avèk pwofesyonèl swen sante mwen sou yon pwosedi chirijikal pou sispann gwsès mwen.
8. Si mwen bezwen yon pwosedi chirijikal paske medikaman yo p ap sispann gwsès mwen oswa paske yo pa t sispann gwo senyman an, pwofesyonèl swen sante mwen te di mwen si y ap fè pwosedi a oswa si y ap ban mwen referans pou wè yon lòt pwofesyonèl swen sante k ap fè pwosedi a.
9. Mwen gen GID POU PRAN MEDIKAMAN pou Mifeprex. M ap pote li si mwen prale nan yon saldjans oswa nan klinik yon pwofesyonèl swen sante ki pa t ban mwen Mifeprex yon fason pou yo kapab konprann mwen fè yon avòtman medikal avèk Mifeprex.
10. Pwofesyonèl swen sante mwen te reponn tout kesyon mwen yo.

Siyati Pasyan an: _____ Non Pasyan an (an lèt detache): _____

Dat la: _____

Pasyan an te siyen AKÒ PASYAN an devan mwen apre mwen te konseye li epitou apre mwen te reponn tout kesyon li yo. Mwen te bay pasyan an GID POU PRAN MEDIKAMAN pou Mifeprex.

Siyati Pwofesyonèl Swen Sante a: _____

Non Pwofesyonèl Swen Sante a (an lèt detache): _____

Dat la: _____

Apre pasyan an ak pwofesyonèl swen sante a siyen AKÒ PASYAN an, bay 1 kopi pou pasyan an anvan li kite klinik lan, epitou mete 1 kopi nan dosye medikal li.

03/2016